

## KUTENDEUKA KUBVA KUMA BASA AKAIPA

MUNYORI: GAVIN PAYNTER  
MUPATSANURI: BEAUTY CHANGWENA

### **Mavambo**

**Vahebhuru 6:1** “... Naizvozvo ngatisiyei dzidziso dzokutanga pamusoro paKristu uye tipfuurire mberi kuti tive vakuru, tisingaisizve nheyo dzokutendeuka kubva pamabasa anotungamirira kurufu, uye nokutenda muna Mwari.”

**Johani 14:23** Jesu akapindura akati, “Kana munhu achindida, achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye.”

**Johani 14:24** “Uyo asingandidi haateereri kudzidzisa kwangu. Mashoko amunonzwa aya haasi angu; ndeaBaba vakandituma.”

**Johani 16:13** “Asi kana iye, Mweya wechokwadi, auya, achakutungamirirai muzvokwadi yose. Haangazotauri zvake; achataura zvaanenge anzwa chete, uye achakuudzai zvichauya.”

**Johani 16:14** “Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvizivisa kwamuri.”

**Johani 16:15** “Zvose zvaBaba ndezvangu. Ndokusaka ndakati Mweya achatora zvangu agozvizivisa kwamuri.”

**Vaefeso 2:10** **Nokuti tiri basa raMwari, rakasikwa muna Kristu Jesu kuti tiite mabasa akanaka, akagadzirwa naMwari kare kuti tiaite.**

### **1. KUTENDEUKA**

#### **Chii chinonzii “Kutendeuka?”**

- i) Kushandura mafungiro,  
2 Vakorinde 7:9,10 asi zvino ndinofara, kwete nokuti makachema, asi nokuti kusuwa kwenyu kwakaita kuti mutendeuke. Nokuti makava nokusuwa kukuru sezvaidiwa naMwari uye nokudaro hamuna kukuvadzwa nesu nenzira ipi zvayo. **10** Nokuti kusuwa kwouMwari kunouyisa kutendeuka uko kunotungamirira kuruponeso uye hakuuyisi kudemba, asi kusuwa kwenyika kunouyisa rufu.
- ii) *Zvinodarika kuzvidemba.* (2Vakorinde. 7:10).
- iii) **Zvinoonekwa mukushanduka kwemabasa ako.** (Mateo. 21:28-32)

“Munofungei nazvo? Paiva nomurume aiva navanakomana vaviri. Akaenda kuno wokutanga akati, ‘Mwanangu, enda nhasi unoshanda mumunda wemizambiringa.’

**29** “Akavapindura achiti, ‘Handidi,’ asi pashure akazvidemba uye akazoenda hake.

**30** “Ipapo baba vaya vakazoenda kuno mumwe mwanakomana vakasvikomuudza zvimwe chetezvo. Iye akapindura achiti, ‘Ndichaenda, baba’ asi haana kuenda.

**31** “Ndoupiko pavaviri ava akaita zvaidiwa nababa vake?”

Vakapindura vachiti, “Wokutanga.”

Jesu akati kwavari, “Ndinokuudzai chokwadi, vateresi nezvifeve vari kukutangirai kupinda muumambo hwaMwari. **32** Nokuti Johani akauya kwamuri kuti azokuratidzai nzira yokururama, uye hamuna kumutenda, asi vateresi nezvifeve vakatenda. Uye kunyange mushure mokunge maona izvi hamuna kutendeuka mukamutenda.

## **2. KUCHEMA/KUSUWA KWEHUMWARI**

- a) Kutendeuka nekusuwa kwehuMwari kunounza kushanduka kwezviito nemabasa. .
- b) Kutendeuka zvinoratidza mavambo ehupenyu hwedu husina kutsarukana tozozvipira kunaMwari.
- c) Tinofanira kuona chivi semaonero aMwari. (Mapisarema 38:3; 2Vakorinde. 7:10)

Ps. 38:3 Mumuviri mangu hamuchina utano nokuda kwehasha dzenyu; mapfupa angu apera simba nokuda kwechivi changu

d) Tinofanira kuva ne chido chekurega chivi. Zvirevo. 28:13 Uyo anofukidzira zvivi zvake haabudiriri,

asi ani naani anozvireurura nokuzvirasa achawana nyasha.

- e) Kuvenga chivi. Ez. 20:43-44 “Mucharangarira mafambiro enyu ikoko nezviito zvose zvakamazvisvibisa nazvo uye muchazvisema pachenyu nokuda kwezvakaipa zvose zvakakaita. **44** Muchaziva

kuti ndini Jehovha, pandichakuitirai izvozvo nokuda kwezita rangu kwete nokuda kwenzira dzenyu dzakaipa nezvakaora zvakaita imi imba yalsraeri, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.”

- f) Kutendeuka kunobatanidza kudzosera. Ruka 19:8 Asi Zakeo akasimuka akamira pamberi paShe akati, “Tarirai, Ishe! Pano, uye iye zvino, ndinopa hafu yepfuma yangu kuvarombo, uye kana ndakanyengera ani zvake pachinhu chipi zvacho, ndichadzoserera zvava zvina.” (Lev. 6:1-7)

### **3. KUTENDEUKA KUBVA KUMABASA AKAFA**

#### **Chii chinonzi “Mabasa Akafa?”**

- i) Cinhu chaungaedze kuita kuti uwane ruponeso.
- ii) Maitiro anoratidza kuti urikuda kutenga mubairo kuna Mwari
- iii) Mwari anoda mweya wapakutsika kwete muteuro.
- iv) Mabasa akafa mabasa asingabve kuna Mwari. Kufa zvinoreva “kushaya hupenyu.” Zvinoreva chinhu chese chisina huMwari mukushandira Mwari \_ ndiwo mabasa akafa

#### **MUCHIDIMBU**

Adam na Eve vatadza, vakaedza kufukidzira kushama kwavo. Kuvanda chivi kuna Mwari – ndo akava mabasa ekutanga akafa. Asi izvi hazvina kuzadzisa mutemo waMwari.

- i) Aiva aramba tsvete mukuteura. Genesesi. 3:7 Jehovha Mwari akaitira Adhamu nomukadzi wake nguwo dzamatehwe uye akavafukidza. 21 Jehovha Mwari akaitira Adhamu nomukadzi wake nguwo dzamatehwe uye akavafukidza.
- ii) Chikonzero cheruponeso i nyasha.

### **4. MUENZANISO KUBVAMUSHOKO**

a) Chipi cha Kaini kuna Mwari chakava chipi che “Mabasa Akafa.” Mwari haana kutambira chipi chake. Genesesi. 4:3-5 Mukufamba kwenguva, Kaini akauya nezvimwe zvezvibereko zvevhu sechipiriso kuna Jehovha. 4 Asi Abheri akauya nomugove wamafuta aibva mumhongora dzamakwai. Jehovha akagamuchira

Abheri nechipiriso chake, 5 asi Kaini nechipiriso chake haana kumugamuchira. Saka Kaini akatsamwa zvikuru, uye chiso chake chikaunyana.

- b) Kereke yeku Sardis yaiva ne mbiri yehupenyu asi yakafa. Zvakazarurwa. 3:1&2 “Kana chipiriso chomumwe chiri chokuwadzana, uye akapa chipfuwo, chemombe chingava chikono kana chikadzi, anofanira kuuyisa pamberi paJehovha chipfuwo chisina kuremara. 2 Anofanira kuisa ruoko rwake pamusoro pechibayiro chake agochibayira pamusuo weTende Rokusangana. Ipapo vanakomana vaAroni vaprista vachasasa ropa kumativi ose earitari.”
- c) Mambo David akaverenga varwi veIsrael. 70 000 varume vakafa nokuti David haana kuisa ruvimo muna Mwari.
- d) Moses kuuraya kwaakaita mu Ijipita, kwakava kuzvipira kwakaipa Ex. 2:11-12 Rimwe zuva Mozisi akura, akaenda kwakanga kuna vanhu vokwake uye akavatarira vari pabasa ravo rakaoma. Akaona muljipita achirova muHebheru, mumwe wavanhu vokwake. 12 Akaringaringa ndokuona kusina munhu achibva auraya muljipita, ndokumuviga mujecha
- e) Tinofanira kuteedzera muenzaniso wa Jesu haana kumboita “mabasa akaipa”Haana chakaita nekuda kwake asi akaita kuda kwa Baba vake vakamutuma. Johani 5:19 *Jesu:* “Jesu akapindura akati, “Ndinokuudzai chokwadi, Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga; anongogona kuita zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawo.” (Johani 5:30; Johani 7:16; Johani 8:28; Johani 14:10).

## **5. KUSUNUNGURWA KUBVA KUMABASA AKAFA**

- a) Kubvisa mabasa akafa kunogadzirira nzira yakanaka mukukura pamweya. Zvino hatinagare tirivacheche pamweya asi tinokura nekuziva Mwarizva anoda kuti tiite munzira dzose zvaakataura kuti tiite.
- b) Tinofanira kuvaka hushamwari na Mwari, - Mukuru, uye todzidza kuvimba naye.

## **6. KUBATANIDZA KUTENDEUKA NEMABASA AKAFA**

a) Muruponeso, zvivi zvacheneswa – ne ropa 1 Johani 1:7-9 Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza, tinowadzana nomumwe nomumwe wedu, uye ropa raJesu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose.

8 Kana tichiti hatina chivi, tinozvinyengera uye chokwadi hachizi matiri.

9 Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose.

- b) Mukutenda, mabasa akafa abviswa – ne ropa. Vahebhuru. 9:13-14 Ropa rembudzi nerenzombe namadota etsiru zvaisaswa pamusoro paavo vakanga vakasvibiswa, zvaiita vatsvene kuti vanatswe panyama. 14 Ko, kuzoti zvino iro ropa raKristu, uyo kubudikidza noMweya unogara nokusingaperi, akazvipa, asina chaangapomerwa kuna Mwari, akachenesa hana dzedu kubva pamabasa tigoshumira Mwari Mupenyu!)  
Tinofanira kutendeuka kubva mumabasa ekuzvichenesa. Ngatikumbirei ruregerero kuna Mwari uye ati shambe neropa ra Jesu. Tasunungurwa kubva muuranda wekuzvichenesa. Ngatiisei rutendo mukuregerera kwa Mwari.

## **7. MABASA AKANAKA EMUTENDI**

- a) Mabasa akanaka anoitwa mukuzvipira usingazotarisi mubayiro asi nekuda kwe rudo rwa Mwari. Zvakakosha kuva ne ndangariro dzakanaka. Nyangwe nekushuma kwe Mutendi kungave “mabasa akafa” zvikaitwa ne ndandangariro dzakaipa.
- b) Zvinotendera Kristu ararame matiri. Vagaratia 1. 2:20 “Ndakarovererwa pamwe chete naKristu uye handichisiri ini ndinorarama, asi Kristu anorarama mandiri. Kurarama kwandinako munyama, ndinorarama nokutenda muMwanakomana waMwari, akandida uye akazvipa nokuda kwangu.” (2 Co. 5:14 & 20)
- c) Davi haringafufudze muchero, asi kubvumira kupa hupenyu kubva kubasa kubudikidza nekudaro rinobereka muchero.  
Johani 15:5 “Ini ndiri muzambiringa; imi muri matavi. Kana munhu akagara mandiri uye neni maari, achabereka zvizereko zvakawanda; kunze kwangu hamugoni kuita chinhu”